

Nama :

No. Absen :



MAJELIS PENDIDIKAN DASAR MENENGAH DAN PENDIDIKAN NON FORMAL
PIMPINAN DAERAH MUHAMMADIYAH GUNUNG KIDUL

MI MUHAMMADIYAH BLEMBEM



Alamat : Blembem, Candirejo, Semin, Gunungkidul, DI. Yogyakarta. Kode Pos 55854

Email : mismuhab@gmail.com

Mapel/Tema/Paket : Bahasa Jawa
Kelas : IV (EMPAT)

Hari/Tanggal : Selasa, 10 Juni 2025
Waktu : 09.30 – 11.00 WIB

Wenehana tandha ping (X) ing, a,b,c utawa d. minongko pratelan jawaban kang bener!

Wacanen kanthi permati !

Nonton Sekaten

Dhek dina Minggu Bima lan Siwi nonton Sekaten diterake bapak lan ibune. Jam wolu esuk wong papat budhal saka omah numpak mobil. Wiwit saka dalam Malioboro Bima wis krungu swara gamelan Sekaten. Tahun iki swara gamelan sekaten pancen disiyarake nganti sadawaning dalam Malioboro. Tujuane supaya perayaan sekaten taun iki luwih regeng.

Sawise suku karcis, Bima sakulawarga banjur mlebu ing papaning sekaten. Sekaten iku mapane ana ing, Alun – Alun Lor Kraton Yogyakarta. Papan sepisanan sing dituju Mesjid Gedhe, papaning gamelan sekaten. Gamelan diselehake ana panggung cacah loro. Siji ana plataran masjid sisih kiwa, sijine ana plataran masjid sisih tengen. Metu saka Mesjid Gedhe Bima sakulawarga banjur nonton sirkus. Sirkus iku akeh kewan sing duwe kepinteran werna – werna amarga digladhi dening pawange. Rampung nonton sirkus Bima sakulawarga mlaku- mlaku ngubengi, Alun – Alun. Sawise kemptu lan wis krasa kesel, Siwi banjur ngajak mulih.

Kapethik Saka Buku Sinau Basa Jawa Gagrak Anyar Kelas IV SD

1. Keluargane Bima lan Siwi nonton Sekaten ing dina
 - a. Senin
 - b. Minggu
 - c. Rabu

- d. Kamis
2. Papan panggonan dianakake Sekaten ana ing....
- a. Malioboro
 - b. Dalan Malioboro
 - c. Sak dawane dalan Malioboro
 - d. Alon-alun lor Kraton Yogyakarta
3. Cacahe gamelan sik diselehake ing panggung yaiku....
- a. siji
 - b. loro
 - c. telu
 - d. papat
4. Sirkus iku kewan sing....
- a. duwe kepinteran werna-werna
 - b. duwe anak pinter
 - c. ora duwe kepinteran werna-werna
 - d. podo karo kewan liyane
5. Tahun iki swara gamelan sekaten pancen disiyarake nganti sadawaning dalan Malioboro amarga....
- a. perayaan luwih sepi
 - b. perayaan luwih regeng
 - c. luwih kepenak
 - d. ora regeng

6. Geguritan kanggo no 6 – 7

Gatekna geguritan iki !

Jaman saiki kabeh wis padha lali

Lali karo kabudayan Jawi

Kabudayan biyen kang diuri-uri

Saiki ora ngerti mbuh neng ngendi

Wayang, Jathilan, Krama alus wis padha lali

Kabeh wis ora peduli

Kabudayan Jawi wis ilang saka bumi

Bocah saiki mung iso dolan wora - wiri

Dangdutan wayah bengi

Kelingan jaman saiki mung gawe nangis lan lara ati

Irah-irahan kang trep kanggo geguritan iku yaiku....

- a. Kabudayaning Jawa
- b. Kabudayan Jawa
- c. Kabudayan Jawi
- d. Kabudayan Lestari

7. Pesan moral isi geguritan ing bait ke loro yaiku....

- a. kabudayan jawi ora usah diuri-uri
- b. kabudayan jawi kudu dilestarike
- c. bocah – bocah padha dangdutan
- d. bocah-bocah padha kelingan kabudayan Jawi

8. Wong moco geguritan kudu dirasakake sajroning ati, isi geguritan kang diwaca.

Maca geguritan kanthi cara mengkono iku ateges nggatekake babagan....

- a. wicara
- b. wirama
- c. wiraga
- d. wirasa

9. Gatekna tembang iki !

Sekar gambuh ping catur

Kang cinatur polah kang kalantur

Tanpa tutur katula tula katali

Kadaluarsa katutuh

Kapatuh pandadi awon
Gambuh iku kalebu tembang....

- a. dolanan
- b. gedhe
- c. tengahan
- d. macapat

10. Tembang Gambuh ana ...gatra.

- a. 2
- b. 3
- c. 4
- d. 5

11. Gambar wayang iki arane....



- a. Arjuna
- b. Bima
- c. Puntadewa
- d. Werkudara

12. Werkudara iku satriya ing....

- a. Ngamarta
- b. Madukara
- c. Ngastina
- d. Jodhipati

13. Arane satriya Pandhawa kang kembar yaiku....

- a. Puntadewa, Bima
- b. Bima , Arjuna
- c. Nakula, Sadewa
- d. Bima, Gathotkaca

14. Gambar wayang kang aran Puntadewa yaiku

a.



b.



c.



d.



15. Arane panganan khas Gunungkidul yaiku....

- a. Empek-empek
- b. Gudheg
- c. Thiwul
- d. Pecel

16. Ibu lagi gawe panganan kang digawe saka tela diarani....

- a. lempur
- b. gudheg
- c. thiwul
- d. bunthil

17. Dina pasaran iku ana....

- a. 4
- b. 5
- c. 6
- d. 7

18. Dina Selasa Legi diarani....

- a. Respati cemengan
- b. Anggara kasih
- c. Anggara manis
- d. Anggara cemengan

19. Dina pasaran sak bubare Kliwon yaiku....

- a. Pon
- b. Wage
- c. Legi
- d. Pahing

20. Panganan ing gambar diarani

- a. gathot
- b. thiwul
- c. cenil
- d. sawut



21. Pasaran Pon Neptune

- a. 6
- b. 5
- c. 4
- d. 7

22. Pangan saka tela kang digodhog, diiris tipis sak teruse dipepe, yen wis garing digoreng nganti garing lagi dipangan, panganan iku diarani....

- a. thiwul
- b. cenil
- c. lemet
- d. manggleng

23. Simbah nembeteh panas.

Basa krama kang trep kanggo jangkepi ukara ing yaiku....

- a. siram
- b. karo
- c. tindak
- d. ngunjuk

24. Potelot ikiraut e.

Ater-ater tripurusa kang trep kanggo ngisi ceceg-ceceg ing dhuwur yaiku

- a. dak
- b. kok
- c. di
- d. do

25. Pakdhe tuku klambi .

Basa kramane ukara kasebut yaiku....

- a. Pakdhe tuku klambi
- b. Pakdhe mundhut klambi
- c. Pakdhe mundhut rasukan
- d. Pakdhe tuku rasukan

26. Pak Parna tindak kantor nitih sepeda motor.

Jejer e ukara ing dhuwur yaiku....

- a. tindak
- b. kantor
- c. tindak kantor
- d. Pak Parna

27. Gendhis – setunggal – jawi – wonten - kilo

Susunan tembung sing bener yaiku....

- a. Gendhis Jawi setunggal kilo
- b. Wonten gendhis jawi setunggal kilo
- c. Wonten setunggal gendhis jawi
- d. Gendhis jawi kilo setunggal

28. Sandhangan panyigeg iku diarani

- a. wulu
- b. layar
- c. wignyan



d. taling

29. Sandhangan swara **wulu** unine....

- a. a
- b. u
- c. e
- d. i

30. Sandhangan swara ing gambar arane... .

- a. wignyan
- b. cecak
- c. wulu
- d. suku



31. Sandhangan panyigeg kang munine “r” arane

- a. wignyan
- b. layar
- c. taling
- d. wulu

32. Ukara *lara mata* yen ditulis aksara jawa yaiku....

- a. ꦭꦫꦩꦠ
- b. ꦭꦫꦩꦠꦠ
- c. ꦭꦫꦩꦠꦠꦠ
- d. ꦭꦫꦩꦠꦠꦠ

33. Ukara *Jaka turu*, yen di tulis aksara jawa yaiku....

- a. ꦗꦏꦠꦸꦫ
- b. ꦗꦏꦠꦸꦫꦠ
- c. ꦗꦏꦠꦸꦫꦠꦠ
- d. ꦗꦏꦠꦸꦫꦠꦠꦠ

34. Ukara iki di waca....

- Pasir punah
- Pasir putih
- Pasar putih
- Pasar puput

ហត្ថលេខា

35. Lani saka Surabaya

Ukara yen ditulis aksara jawa yaiku....

- a. ທາງລຳດານ ກາແກ້
- b. ທາງລຳດານ ກາແກ້
- c. ທາງລຳດານ ກາແກ້
- d. ທາງລຳດານ ກາແກ້

36. လတ်ကုလေ့ကုတရၢၤ

Ukara iki di waca....

- aku tuku soto
- aku tuku sate
- aku tuku solo
- haku tuku soto

37. សំណួរកំណត់

Aksara Jawa iku wacane

- Parna laki lunga
- Parna lagi lunga
- Parta lagi turu
- Parta lagi lunga

38. Sami menyang pasar

Ukara iki yen di tulis aksara jawa yaiku....

- a. ລາຍຢືນຫັກລາຍ

39. Tulisan aksara Jawa iku wacane....

- a. Maya saka pasar
- b. Mayang saka pasar
- c. Madang lawuh tempe
- d. Mayang lagi madang

សាលាបាលីសាលា

40. Kucing ku kerah. Yen di tulis nganggo aksara Jawa yaiku...

- a.